

Long Island

Trape Dènye Konsèy la
health.ny.gov/fish

KAT
JEWOGRAFIK



Konsèy Sante sou Manje pwason ou trape

New York City



Poukisa nou genyen avètisman

Lapèch se plezi e pwason se yon pati enpòtan nan yon rejim alimantè ki sen. Pwason gen pwoteyin kalite siperyè, eleman nitritif esansyèl, lwil pwason ki sen, epi ki ba nan grès satire. Sepandan, gen kèk pwason ki gen pwodwi chimik nan nivo ki ka danjere pou sante. Pou ede moun fè chwa ki sen sou ki pwason yo manje, New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York, NYS DOH) bay konsèy sou manje pwason lapèch espòtif (pwason ou pran). Konsèy sante sou ki pwason pou manje depann de:



Ki kote ou peche (gade anndan kat la)

Pwason ki soti nan dlo ki tou pre aktivite moun ak sous kontaminasyon gen plis chans pou yo kontamine pase pwason ki nan dlo ki lwen yo. **Nan zòn Vil New York / Long Island (NYC / LI), pwason ki soti nan Long Island Sound oswa nan oseyan an mwens kontamine.**

Kiyès ou ye



Fanm ki gen laj pou fè pitit (ki poko gen 50tan) ak timoun ki poko gen 15zan avize pou limite kalite pwason yo manje ak konbyen fwa yo manje yo. Fanm ki manje pwason ki trè kontamine epi ki vin ansent ka gen plis risk pou yo gen timoun ki pi di pou devlope ak aprann. Pwodwi chimik yo ka gen yon pi gwo efè sou devlopman jèn timoun oswa ti bebe ki poko fèt. Epitou, kèk pwodwi chimik ka pase sou nan lèt manman an.

Fanm ki depase laj pou yo fè pitit ak gason ka fè fas a mwens risk pou sante akòz sèten pwodwi chimik. Pou rezon sa a, konsèy pou fanm ki gen plis pase 50tan ak gason ki gen plis pase 15zan pèmèt yo manje plis kalite pwason lapèch e pi souvan (gade nan tablo, paj 3-12).

Kisa ou trape



Gen konsèy espesifik pou limite oswa pou pa manje sèten kalite pwason nan zòn NYC / LI (gade nan tablo, paj 3-12). Gen kèk espès (kalite pwason) ki gen pi wo nivo pwodwi chimik pase lòt. An jeneral, pi piti pwason yo mwens kontamine pase pi gwo pwason ki gen plis laj nan menm espès la.



Risk pou lasante

Premye pwodwi chimik ki bay enkyetid nan dlo nan New York City ak nan dlo lanmè Long Island se PCB, PFAS, dioxin ak kadmyòm. Nan dlo dous nan Long Island pwodwi chimik prensipal la se chlordan epi PFAS. Pwodwi chimik sa yo akimile nan kò ou kèk tan. Pwoblèm sante ki ka rezilta de pwodwi chimik nan pwason varye soti nan ti chanjman nan sante ki difisil pou detekte jiska domaj nesans ak kansè. (www.health.ny.gov/fish pou jwenn plis enfòmasyon.)

Konsèy pou manje manje ki sen

- Pa manje tomalley a ("bagay vèt," moutad, fwa, oswa epatopanki) yo jwenn nan seksyon kò krab ak langoust, e pa mete likid la pou kwit manje. Tomalley ka gen gwo nivo pwodwi chimik, tankou PCB, dioxin ak cadmium.
- Bakteri, viris oswa parazit kapab anndan oswa sou pwason an. Kenbe rekòlt pwason frèt. Mete gan lè a wap netwaye li. Lave men ak sifas yo souvan lè a wap prepare pwason, epi pa melanje li ak manje kwi. Kwit pwason ak kristase byen anvan ou manje yo.
- Eseye pa manje pwason twò souvan nan repa. Pa egzanp, si yo konseye ou ka manje jiska kat (4) repa nan yon mwa, pa manje yo tout nan menm semèn lan. Sa enpòtan espesyalman pou fanm ak jèn timoun.



Jwenn plis konsèy sou alimantasyon ki pi an sante nan paj 13.

Vil New York anè Bè a, Rivyè ak Kill yo

Kou dlo	 Pwason	 Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran	 Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane
Arthur Kill Bronx River East River Gowanus Canal Harlem River Hudson River osid Mario Cuomo Bridge (Tappan Zee Bridge) Kill Van Kull Newark Bay Newtown Creek Raritan Bay alwès Wolfe's Pond Park Upper New York Bay	American eel	PA MANJE	PA MANJE
	Atlantic needlefish	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Blue crabs	Jiska 6 krab nan yon semenn PA MANJE tomalley	PA MANJE
	Bluefish	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Carp	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Channel catfish	PA MANJE	PA MANJE
	Gizzard shad	PA MANJE	PA MANJE
	Goldfish	Jiska 1 repa/mwa	PA MANJE
	Rainbow smelt	Jiska 1 repa/mwa	PA MANJE
	Striped bass	PA MANJE: Newark Bay, Arthur Kill, Kill Van Kull Jiska 1 repa nan yon mwa: <i>soti nan lòt dlo ki nan lis sou bò goch la</i>	PA MANJE
	White catfish	PA MANJE	PA MANJE
	White perch	PA MANJE: Newark Bay, Arthur Kill, Kill Van Kull, Upper New York Bay, Western Raritan Bay Jiska 1 repa nan yon mwa: <i>soti nan lòt dlo ki nan lis sou bò goch la</i>	PA MANJE
	krab oswa woma tomalley	PA MANJE	PA MANJE
	Lòt pwason ki pa nan lis la	Jiska 4 repa/mwa	PA MANJE

Tcheke sit entènèt DEC la pou jwenn règleman ki ajou ak restriksyon espesyal pou sèten espès: www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html.

Tanpri sonje ke tout dlo nan pak New York City yo se trape ak lage sèlman epi yo pa kontwòle regilyèman pou kontaminan. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.eregulations.com/newyork/fishing/special-regulations-waters-new-york-city/



Kisa ki pase ak dlo aflyan yo e dlo ki konekte yo?

Konsèy sou sante a aplikab tou pou dlo ki aflyan ak dlo ki konekte si pa gen baraj, chit, oswa baryè pou yo anpeche pwason yo monte. Sa a se paske pwodwi chimik rete nan pwason lè yo deplase soti nan yon dlo pou ale nan yon lòt. Si ou pa fin sèten sou baryè pwason ki tou pre dlo kote ou ap fè lapèch la, rele biwo DEC ou ki nan lis nan dlo tiliv sa a.

NYC Lower Bay, Ocean ak Sound

Kou dlo	Pwason	 Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran	 Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane
Atlantic Ocean Jamaica Bay (eksepte Paerdegat Basin) Long Island Sound Lower New York Bay Raritan Bay alès Wolfe's Pond Park	American eel	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
	Bluefish	Jiska 4 repa nan yon mwa	Pi gran pase 20", jiska 1 repa nan yon mwa; pi piti pase 20" jiska 4 repa nan yon mwa
	Striped bass	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
	Weakfish	Pi gran pase 25", jiska 1 repa nan yon mwa; pi piti pase 25", jiska 4 repa nan yon mwa	Pi gran pase 25", PA MANJE; Pi piti pase 25", jiska 1 repa nan yon mwa
	krab oswa woma tomalley	PA MANJE	PA MANJE
Tout lòt pwason ak krab	Swiv konsèy FDA: www.fda.gov/fishadvice		
Paerdegat Basin (ak 200 yad soti nan bouch li) nan Jamaica Bay*	Tout pwason, tout krab	PA MANJE	PA MANJE

* konsèy pou Paerdegat Basin la te bay kòm repons a yon devèsman ki te mennen anpil rejè materyel ki gen PCB ladan yo nan Basen lan. Yon envestigasyon anviwònman an sou pye pou detèmine si gen kontaminasyon rezidye nan Basen an. Tanpri tcheke www.health.ny.gov/fish pou wè si konsèy sa a toujou anplas.

Tcheke sou sit wèb DEC pou règleman ak restriksyon espesyal pou sèten espès: www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html.

Tanpri sonje ke tout dlo nan pak New York City yo se trape ak lage sèlman epi yo pa kontwòle regilyèman pou kontaminan. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.eregulations.com/newyork/fishing/special-regulations-waters-new-york-city/

Yo fè piblik la tou sonje ke tout dlo nan New York City yo fèmen pou pwovizyon pou lanmè (rekòlte nan paloud, moul, witr, oswa kokiay). Pou jwenn enfòmasyon sou lapèch kokiay nan dlo Long Island, al gade nan www.dec.ny.gov/outdoor/345.html.






Dlo ki endike nan tablo a (paj 5) yo ekri an karaktè gra sou kat sa a.

Pwason komen nan dlo maren NYS



Long Island dlo dous - Konte Nassau

Kou dlo	Pwason	 Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran	 Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane
Tout dlo dous KI PA nan lis anba a	Tout Pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 4 repa nan yon mwa
Freeport Reservoir	Carp	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Grant Park Pond	Carp	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Hall's Pond	Carp, Goldfish	PA MANJE	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Lofts Pond	Carp, Goldfish	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Massapequa Reservoir, an wo Long Island Railroad	Carp, White perch	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Ridders Pond	Goldfish	PA MANJE	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Smith Pond, Rockville Centre	White perch	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Smith Pond, Roosevelt Park	Carp, Goldfish	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	American eel	PA MANJE	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Upper Twin Pond	American eel, Carp	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Whitney Park Pond	Carp, Goldfish	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE



Gade imaj lòt espès pwason dlo dous nan paj 9-10.

Kisa ki pase ak dlo afliyan yo e dlo ki konekte yo?

Konsèy sou sante a aplikab tou pou dlo ki afliyan ak dlo ki konekte si pa gen baraj, chit oswa baryè pou yo anpeche pwason yo monte. Sa a se paske pwodwi chimik rete nan pwason lè yo deplase soti nan yon dlo pou ale nan yon lòt. Si ou pa fin sèten sou baryè pwason ki tou pre dlo kote ou ap fè lapèch la, rele biwo DEC ou ki nan lis nan do ti liv sa a.


Tcheke sou sit wèb DEC pou règleman ak restriksyon espesyal pou sèten espès: www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html.

Al gade nan www.health.ny.gov/fish pou jwenn dènye enfòmasyon konsèy sou pwason yo.

Long Island dlo dous - Konte Suffolk

Kou dlo	Pwason	 Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran	 Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane
Tout dlo dous KI PA nan lis anba a	Tout Pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 4 repa nan yon mwa
Big Reed Pond	Largemouth bass	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	All other fish	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Carmans River, an wo Southaven Park Dam	American eel	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Brown Bullhead	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 4 repa nan yon mwa
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
Fresh Ponds, Hither Hills State Park	Largemouth bass	Pi gro pase 15 pous, jiska 1 repa nan yon mwa; pi piti pase 15 pous, jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Lake Capri	American eel, Carp	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE
Spring Lake, Middle Island	Carp, Goldfish	PA MANJE	PA MANJE
	Tout Lòt pwason	Jiska 4 repa nan yon mwa	PA MANJE

¹ Pwason sa yo se yon bon chwa pou tout fanmi an. Gade www.health.ny.gov/fish/background.htm pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo defini avi yo.



Kisa ki pase ak dlo afliyan yo e dlo ki konekte yo?

Konsèy sou sante a aplikab tou pou dlo ki afliyan ak dlo ki konekte si pa gen baraj, chit oswa baryè pou yo anpeche pwason yo monte. Sa a se paske pwodwi chimik rete nan pwason lè yo deplase soti nan yon dlo pou ale nan yon lòt. Si ou pa fin sèten sou baryè pwason ki tou pre dlo kote ou ap fè lapèch la, rele biwo DEC ou ki nan lis nan do ti liv sa a.

Tcheke sou sit wèb DEC pou règleman ak restriksyon espesyal pou sèten espès: www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html.



American eel



Black crappie



Bluegill sunfish



Pumpkinseed sunfish



Smallmouth bass



Rainbow trout



Brown bullhead



Brown trout



Carp



Walleye



White perch



Yellow perch



Chain pickerel



Goldfish



Largemouth bass



Al gade nan www.health.ny.gov/fish pou jwenn dènye enfòmasyon konsèy sou pwason yo.

Dlo lanmè Long Island

Kou dlo	Pwason	Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran	Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane
Atlantic Ocean Block Island Sound Gardiners Bay Jamaica Bay (eksepte Paerdegat Basin) Long Island Sound Long Island South Shore (sof pati mare Carmans River, Forge River ak Quantuck Creek) Peconic Bay	American eel	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
	Bluefish	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
	Striped bass	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
	Weakfish	Pi gro pase 25", jiska 1 repa nan yon mwa; pi Piti pase 25", jiska 4 repa nan yon mwa	Pi gro pase 25", PA MANJE; Piti pase pase 25", jiska 1 repa nan yon mwa
	krab oswa woma tomalley ak likid ou kwit li a	PA MANJE	PA MANJE
	Tout lòt pwason ak krab	Swiv konsèy FDA: www.fda.gov/fishadvice	
Paerdegat Basin (ak 200 yad soti nan bouch li) nan Jamaica Bay*	Tout pwason, tout krab	PA MANJE	PA MANJE


Kou dlo	Pwason	Gason 15 ane ak pi gran epi fanm 50 ane ak pi gran	Fanm ki poko gen 50 lane ak timoun ki poko gen 15 lane
Carmans River, pati mare soti nan Southaven Park Dam rive nan Beaverdam Road (gade paj 9 pou konsèy sou dlo dous Carmans River)	American eel	Jiska 1 repa nan yon mwa	PA MANJE
	Bluefish, Striped bass	Jiska 4 repa nan yon mwa	Jiska 1 repa nan yon mwa
	Weakfish	Pi gro pase 25", jiska 1 repa nan yon mwa; Piti pase pase 25", jiska 4 repa nan yon mwa	Pi gro pase 25", PA MANJE; Piti pase pase 25", jiska 1 repa nan yon mwa
	krab oswa woma tomalley ak likid ou kwit li a	PA MANJE	PA MANJE
Quantuck Creek, pati mare ant Old Ice Pond ak Quioque Point			
Forge River, pati mare soti nan Montauk Highway Dam rive nan Masury Point	Tout lòt pwason ak krab	Swiv konsèy FDA: www.fda.gov/fishadvice	Jiska 1 repa nan yon mwa

* konsèy pou Paerdegat Basin la te bay kòm repons a yon devèsman ki te mennen anpil rejè materyel ki gen PCB ladan yo nan Basen lan. Yon envestigasyon anviwònman an sou pye pou detèmine si gen kontaminasyon rezidyèl nan Basen an. Tanpri tcheke www.health.ny.gov/fish pou wè si konsèy sa a toujou an efè.



Avètisman pou Redui Kantite PCB, Klòdàn, Dyldrin, ak Dyoksin

- Gen plis nivo PCB, klòdàn, dyeldrin, dyoksin nan grès pwason an. Pou diminye grès, koupe, deklare, oswa kwit pwason ou a kòrèkteman:




- Lè w ap kwit oswa tranpe pwason an, sa pa ka elimine pwodui chimik yo, men chalè pandan w ap kwit li a fonn kèk nan grès la. Bouyi, griye, oswa kwit pati pwason ou te koupe a sou yon rak pou grès la ka degoute. Pa sèvi ak gout yo pou fè sòs.
- Pou diminye kontak ak PCB, klòdàn, dyeldrin, ak dyoksin, evite oswa manje mwens American eel, bluefish, carp, striped bass, white ak channel catfish, ak white perch paske pwason sa yo gen tandans gen plis nan kontaminan sa yo.

Avètisman pou Evite Mèki


- Sèl fason pou diminye kantite mèki ou jwenn nan pwason se evite sèten espès oswa manje pi piti pwason yo nan yon espès pwason.
- Pou diminye kontak ak mèki nan pwason dlo dous, evite oswa manje mwens largemouth ak smallmouth bass, northern pike, pickerel, ak pi gwo walleye ak yellow perch paske pwason sa yo gen tandans gen plis nivo mèki.
- Pou diminye kontak ak mèki nan pwason maren, swiv direktiv pou pwason mache ki disponib nan www.fda.gov/fishadvice pou striped bass, bluefish, black sea bass, rockfish ak weakfish.
- Mèki distribibe nan tout tisi miskilati yon pwason (pati ou manje a), men pou li ale nan grès ak po a. Lè ou koupe ak deklare li, sa pa pral diminye kantite mèki nan yon repa pwason.

Lòt Piblikasyon gratis ki disponib:




Avètisman pou Hudson River

Avètisman pou soti nan Hudson Falls rive nan New York City Battery




Avètisman pou Hudson Valley

Avètisman pou konte Albany, Columbia, Dutchess, Greene, Orange, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Ulster, Washington, ak Westchester



Avètisman pou Rejyon Adirondack

Avètisman pou Konte Clinton, Essex, Franklin, Fulton, Hamilton, Herkimer, Lewis, Saratoga, St. Lawrence, Warren, ak Washington




Avètisman pou Rejyon Catskill

Avètisman pou konte Delaware, Greene, Sullivan ak Ulster



Gid pou Kwit ak Manje Blue Crab nan Eta New York

Avètisman sou Blue Crab pou Hudson River, New York City ak Long Island



Itilize bonjan pratik sanitè pandan w ap fè lapèch ak lè w ap manyen pwason

Enfòmasyon sou lapèch ak preparasyon pwason yo kenbe nan dlo ki gen pwoblèm mikwo-òganis

Gade epi kòmande piblikasyon sou entènèt: www.health.ny.gov/fish/publications.htm

Pwason ki soti nan magazen ak restoran



Food and Drug Administration (Administrasyon Aliman ak Medikaman Etazini, FDA) kontwole vant pwason komèsyal nan mache yo. Akòz enkyetid konsènan mèki, FDA ak Environmane Protection Agency (Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini, EPA) konseye fanm ansent, fanm ki ka vin ansent, manman k ap bay tete ak jèn timoun pou evite manje shark, swordfish, king mackerel, tuna (bigeye), marlin, orange roughy ak tilefish.

Epi tou ou ka ale sou www.epa.gov/fishadvice pou jwenn plis enfòmasyon.

Ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon?

Avètisman sou pwason Eta New York

Department of Health
(Depatman Sante, NYS DOH)
www.health.ny.gov/fish
(518) 402-7800
(800) 458-1158
BTSA@health.ny.gov

Lapèch nan dlo lanmè

DEC Bureau of Marine Resources
(DEC Biwo Resous Marin yo)
(631) 444-0430
FW.Marine@dec.ny.gov

Lapèch nan Eta New York

Department of Environmental
Conservation (Depatman Konsèvasyon
Anviwònman, NYS DEC)
www.dec.ny.gov/outdoor/fishing.html

DEC Rejyon 1 - Long Island
(Konte Nassau ak Suffolk)
(631) 444-0280
fwfish1@dec.ny.gov

DEC Rejyon 2 - Long Island
(Brooklyn, Bronx, Manhattan, Queens, ak SI)
(718) 482-4922
fwfish2@dec.ny.gov